Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 11 (7515)
17 март
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»


## Аппараталъул данделъи



11 марталда райадминистрациялда муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь букIана аппараталъулаб данделъи. Гьенир гIахьаллъана администрациялъул жавабиял гIадамал ва Россиялъул ОМВДялъул районалда вугев нач. Э. МухIамадовги.

Къойил темаялда букIана жакъасеб экономикаялда бугеб хIалалда хурхун суал. ГI. НурмухIамадовас бицана гьеб рахъалъ оперативияб штабалъ гьабулеб бугеб хIалтIул, тIадчIей гьабуна кванил продуктабазда, дарабазда хурхун багьаби рахине тунгутIиялда. Гьединго гьес тIадчIей гьабуна тукабазда кигIанисеб заманаялъе кванил сурсатал ругелали лъазаре,-ян.

Гьеб мурадалда районалда тIоритIулел руго багьабазда хурхун рейдал, гьабулеб буго гьезда хурхун мориторинг, тIадчIей гьабула кванил нахърател букIинабиялдаги. Гьединго ДНРалъе ва ЛНРалъе гуманитарияб кумек гьабиялъулги бицана данделъиялда.

Хадуб тIадчIей гьабуна хIалтIулел ругел проектазда, бицана лъим, газ бачиналъул, Шамильхъалаялда школа, ясли-ах баялъул ва цогидалъулги. Проектазул хIалтIул бугеб хIалалъул бицана Хъ. ГIабдулхаликъовас. Гьенибго тIадчIей гьабуна ХарачIи росулъе нух бахъиялда бугеб хIалалдаги.

БетIерас тIадкъай кьуна Шамильхъалаялда лъел сетал къачIаялъе ва Унсоколо росулъе лъим бахъиялда гьабулеб хIалтIи хъаравуллъиялде гъоркье босизе.

Гьел ва цогидалги хIалтIабазда хурхун кколезе кьуна тIадкъаял

Налогал

## Транспорталъул налогал ракIариялъе

Араб анкьил ахиралда районалъул администрациялда букIараб данделъиялда гьоркьоб лъуна районалда налогал ракIариялда хурхун гьабулеб хIалтIул. Аслияб къагIидаялда кIвар кьуна транспорталде бачIунеб налог бакIариялде. Заседаниялда гIахьаллъана гьеб бакIариялда хурхун бугеб комиссиялъул членал, гьезда гъорлъ руго администрациялъул, Россиялъул ОМВДялъул районалда ругел, Россиялъул ФСН МРИялъул ва цогидалги вакилзаби.



Данделъи бачана экономикиял суалазул рахъалъ бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъовас. Гьениб щибаб учреждениялъул нухмалъулез бицана гьоркьоб лъураб суалалда хурхун бугеб хIалалъул. Инспекциялъул вакил Р. ГIусмановас тIадчIей гьабуна гьадин; «I марталде бугеб хIалалда хурхун I96 материал битIана судалде»,-абун. ГIусмановас бицана батIи-батIиял категориязул гIадамазе транспорталъул налогазул ругел льготазулги. Гьел ккола гIемерлъимал ругел хъизаназе ругел, налогал кьеялдаса тархъан гьарула гIемерлъимал ругел хъизаназул цоял, гьеб тIаса бищула цояв налогал кьолес. Цо автомашинадухъ налогаздаса тархъан гьарула киналго инвалидал цо единицаялъе, 50 % льгота буго цо машинаялъе щивав пенсионерасулги.

Хадубги судалъул приставас бицухъе жакъа къоялде щвезегIан транспорталъул налог кьун буго 720 азарго гъурущ. Гьеб бахъана II7 судалъул материалалда рекъон.

«Процесс захIмалъулеб буго районалда хъвай-хъвагIай бугел налъулал гьанир гIумро гьабулел ратулел гьечIолъиялъ. Налъулал тIатинариялъе нижеца тIадчIараб хIалтIи гьабулеб буго: ритIула запросал, счетал г1умро гьабун ругел бакIазде ругел доходазда хурхун, лъазарула гьезул недвижимость».

Заседаниялда хIалтIулаб группаялъ хIукму гьабуна судалъул приставалгун цадахъ транспорталъул налог кьечIезда хадуб гьеб бачIинабиялъе рейдал гIуцIизе.

## Багьабазул хал гьабуна



11 марталда районалъул бетIерасул зам. М. ХIамзатовас оперативияб штабалъул членалгун цадахъ рейдал гьаруна супермаркетазда багьабазул хал гьабиялъе, гьелъул мориторингал гьариялъеги.

Лъалеб букIахъе ахирияб заманалда цо-цо цIакъго гIумро гьабиялъе хIажалъулел продуктабазда хурхун багьаби рахинарулел руго. Гьарурал рейдаз тIатинаруна багьаби 30 процент алъ рахун рукIин.

Оперштабалъул членаз супермаркетазул ва базаразул нухмалъулездасан лъазабуна кванил продуктабазда хурхун бугеб нахърател. Гьеб гIолеб буго гIицIго 5 къоялъе, цебе гьеб гIолаан I0 ва цIикIкIунги къоязе.

Предпринимателазул рагIабазда рекъон багьаби рахин бараб буго оптовиял поставщиказда, гьез рахинарулел руго, оптовиял складаздасанго багьаби.

БичIчIун букIине; гьедин районалда бугеб хIал лъазабун буго РДялъул Правительствалъул Председателасда

Лъай кьеялъул школазда

## «Нилъергоязе гIоло» флешмобал



Улкаялъул нухмалъиялъе ва Армиялъе квербакъиялъе, жакъа киса-кибего школаз флешмобал тIоритIулел руго. Гьал къоязда гьеб тIобитIана «Ашильтинский СОШ» МКУялдаги. Лъимал чIана ритIарал кьералккун ва лъугьинабуна «Z» хIарп. Гьелъул гIуцIарухъанлъун цебе бахъана райадминистрациялъул гIолилазулгун спорталъул ва туризмалъул хIалтIи гьабулеб отдел ва районалъул пресс-хъулухъ.

РакIалде щвезабизин: гьединал тадбираз кумек гьабула жакъа кумек-кверчIвай хIажат бугезе, гьелъ патриотизмалъул гъира-цIа цIикIкIинабула гIолеб гIелалда гьоркьоб.

РакIалде щвей

# Къайисил гIишкъул ахир

## (Гьадин бицун букIана дие)

**(Авал 7-8 номеразда)**

Гьенир рук1аразухъги балагьич1ого Микаг1илица ах1ана: -Муи ва Муи! Доб дуца абулеб хадиро сонго гьанибе босун букIараб харилъ бахчун буго, рокъоб батичIо,-ян. Гьев гьалгъан хутIана, Муи ятичIеб мехалъ. Дица гьей МахIмудгун анилан абураб мехалъ, гьев ццим бахъун ахIдезе лъугьана. Гьанже дида букIина дунялалъул зурма-къали. Гьенив хуриса санде вахун, гьениса санде векерун ахIдолев МикагIилги тун, дун росулъе йилълъана. Дица дирго эбелалда лъугьараб иш бицараб мехалъ, гьелъ кIудияб кIварго кьечIо. Байбихьуда лъалеб букIинчIо гьел кинаб росулъа аралали. Къасиялде баянлъана «Лайлаги МажмугIги» ГIашилтIа рукIин. Дида лъалаан ГIашилтIаса Шагьав МахIмудил лъикIав гьудул вукIин. Гьевги цо херав гIашилтIесевги рачIана маркIачIул какдаса хадур Муил эбелалъухъе ПотIохъе ясалъе бокьун бугин, магьари лъезе дур ихтияр, доба-аниб базабичIого разилъиги кьун ниж нухда тIоритIе,-ян.

Гьел кIиялго рокъоре жанире лъугьаралго, ПотIол бераз балагьулеб букIана гьезда кьабизе санагIатаб тIагIел, тIил батаниги, цогидаб щиб букIаниги.

КIанцIун яхъун гьелъ нуцIида нахъа чIвалеб тухас (хIос) кодобе босарабго херав чи тириго лъутун ана. Шагьав бахъун тIагъургун тахида гIодов чIана, дуца чIвазеги разияв вугин, ячIа кьабеянги абун. Ццидал цIурай ПотIоца кьабизеги бегьулаан, эбелалъухъа хIос нахъе босана кIудияй яс СалихIатица, гьесда гIайиб гьечIин, витIидал вачIун ватилилан. ПотIоца лъазабуна Муи жинда цее ячун рачIайин, гурони нужер рагIуда жий божуларин, тIокIалъ нужер чи жинда рихьулеб бакIалде рачIунгейин.

Шагьас гIезегIан яхI бахъулеб букIана маслихIаталъе, амма ПотIоца гьесда нуцIа бихьизабуна, вачIарабго нухалъ ине бегьулилан.

ТIад вуссун ГIашилтIе щвараб мехалъ, Шагьас, щибго бахчичIого, МахIмудида бицана сапаралъул хIасил. МахIмудица щибниги тамашалъи гьабичIо, гьедин кколеблъи лъанила дица нужее дозухъе ине ихтияр кьечIеб, ине бокьун букIанила гьейги ячун Аргъвание, амма МагIад разилъичIила, гьаниб магьари лъун хадуб ихтияр букIинила бокьаралъуве ине. Гьес йитIанила гьей жиндирго гьалбадерил бакIалдеги, гьений цояй рокъой тезе бегьулей чIужу.

Дида тIаса лъугьаян гьарула ГIашилтIаса Чупаниласул наслуялъул агьлуялда, гьел рукIун руго Муил агьлуялъул гьалбал, ГIашилтIаго рес бугеб тухум.

1960 абилел соназул байбихьуда гохIде зияраталъ арав чи дун щвана гIещдерил годекIаниве. Гьенир ратарал бихьиназулгун накъит гьабизе бокьун букIана дие «вабилгIакса» суалги лъун. Муиги цадахъ ячун МахIмуд вачIараб мехалъ нужер росдацаго кIудияб кумек гьабун бугилан дица абураб мехалъ цо саламатав бихьинчи тIаде вахъана. Гьесул беразулъ бихьулеб букIана ццидал кунчIи. Гьес дида абуна:

«Ле гьоболав, дида мун цо цевеги вихьун вукIана кодоб къалам-кагьатгун гохIда Шагьасул Шамилида аскIов кIусун. Гъос дуда бицун батизе рес буго Муи рещтIарав гьобол Чупанилав вукIанилан. Дов ккола дир кIудада. Мунагьал чураги жиндир, битIун буго дос Муи ячIараб нухккун тIадюссинайи. ЦIатIанихъа Жамилатгун щай чIечIев, РабигIат щай тарай, хьиндал мухъалъул росабалъ къорол руччаби хъирщизе лъугьинчIого? ХъахIабросулъа Анасил МахIмудида «далай-далай» бачине лъалеб бугилан, киналго цIуял жалазул ханлъудагийищ эв тезе кколев вукIарав? Муи тIадюссинаюнилан дагIбаги бан, Чупаниласулгун къал гьабун буго Шагьас – гъов Шамилил инсуца. ЦIакъал чагIаз ячун щай кьечIей? Хабар мекъаб рахъалде сверизе бокьичIого, дица яхI бахъана махсароялдалъун лъугIизе тезе. Хадубги цоги гIашилтIисес бицун лъана гьеб Чупанилазе МахIмуд щай рихарав вукIаравали. Гьенибги бугоан добго рокьи. ШагIирасда хадуй йикIун йиго гьезул гIагарай чIужу, амма МахIмудица гьей рикIкIад гьаюн йиго. (БетIергьанасда лъала).

Чупанилас Муида кIалъазе росдал дибирцин виччан гьечIо. Метер радал рачIайин, цогидал МахIмудил вакилзабазеги гьукъун буго гьейгун дандчIвазе. Шагьавги метер гьелда абизе рагIи букIине бокьун, ун вукIун вуго Бекьилъе.

ГIадамалги тIаса тIамун, Чупанилас байбихьун буго Муи йоркьизе. ТIад бугищилан бихьизе гьелъул бетIергицин къакъан буго, гьадинаб жаниб нах гьечIеб киса дуе щварабилан. Сордо инегIан бицардун вуго умумазул цIараздаса хIинкъичIей ятани, гьезул хIалалдасагIаги нечезе ккелаанин мунан, мун гIадал руччаби рихьичIого гурила МахIмудица мун йищарай,- гьесие къваригIараб жо бугила бечелъи, гIодовчIун кваназе бакI, жив цIакъав вукIун щварай йигила жиндие мун абун гаргадизе рес, мун гурей, ханасул яс щваниги, гьес тезе гьечIила саяхълъи, росаби свери, гьагьабго «далай-далай». ГIолохъаби гIолел ругел васал, бугеб гIуцIараб яшав-магIишат – кигIанго гIадалаб букIине кколеб цIуяб жо гьеб гали тIамизе? Метер рогьалида дица мун щвезайила мунго йикIараб хурие. ЩIехолев чи ккани, абе хъами гьереси бугин, дун къваригIелалъ ГIашилтIе щварай чIужу йикIанилан…

Муица бицунаан жиндие гьес цо рагIи абизе биччачIила, сордо бащалъиялдаса араб мехалъ цее къотIун жийгун вилъанила рохьоса тIаде къокъид нухалъ. Бекьдерил бакIалде жийги щвезаюн, гьев тIаса гъоркье анила, дица малъухъе гьабуни, дуего лъикIаб букIинилан. МугIрул тIогьазде бакъул чIорал щущалъеб мехалда, жий, Хьундамагьилъ, МахIмудица кумекги гьабун бараб хъощний щват битIун гIебеде кканила свакарай чIужу. Макьидаса йорчIизаюнила Дагьицаги (яцалъул – Загьил яс) гьелда цадахъ вачIарав жиндирго кIудияв вас ХIасаницаги… КватIичIого кIиго хIамаги цебе къотIун тIаде щвана МикагIилги. Гьес бицана гIагарал-гIунтIараз ригь цIун бугин, киналго Муиде семулел ругилан. Муица Дагьи хех гьабун рокъое йитIун йиго, эбелалда бицейин хъами гьереси бугилан, дунги гьаний ссанабаздаса хер хъвалей йигилан. Мунагьал чурадица бицунаан доб къоялдаса нахъе бекьдерие жиндир къимат хванилан, хасго гIагарлъиялъе.

Радал тIаде рахъаралго, МахIмудил гьудул-гьалмагълъи лъугьун буго магьаричагIазул тIалаб гьабизе, амма Муи кийго ятун гьечIо, жиндаги араб рахъ лъаларилан Чупанилавги чIун вуго. Амма кин, щиб ккарабали, гьеб къоялъго тIатун буго. Гьеб букIана 1914 сон, Къебедав хун микьабилеб сон, риидалил лъабабилеб моцI, битIун дунял багIарараб гIуж. Гьеб лъугьа-бахъиналдаса хадуб гьабураб буго МахIмудил бищун лъикIаздасан цояб гьаб:

«РекIел гьаваялъул гьундул рихханин
Гьудулдай чучарай, дундай чарлъарав?
Чорхол хиялазул хурзал чIунтанин,
Халилат чIухIундай, дида чIалгIундай»…

-абурал рагIабаздасан байбихьулеб кечI.

КучIдул гIемерал руго мунагьал чураясул, амма гьалъ гIадин дир ракI бежизабулеб гьечIо… Гьаб бакIалда тун лъикI гурищ, дир вас, дунги свакана, щай нилъее араб, хвараб жоялъул гIемер бицун?

-Гьелдаса хадуб МахIмуд армиялде ун вуго, Муиги цоги чиясеги инчIого хутIун йиго, вукIинчIищ гьей ячине бокьарав чиго?

-Ражаб, ГIалибег. Ячунев чиги камилароан, МахIмуд полкалде аралдаса гьей тIуянго хисана, доб цебе букIараб аваданлъи гьелъулъ хутIун букIинчIо. ТIуянго диналдехун юссана, кIиго нухъалъ КъахIиса устарасухъеги ун йикIана. МахIмуд рагъдаса вуссана лъукIун, гьес доб цебесеб балагьи гьабулеб букIинчIо Муидехун. Муие цIакъ бокьун букIана гьесда тIаса лъугьаян гьаризе,-лъаларо гьеб мурад гьелъул тIубарабищалиго.

-Абула, Нажмудин имамас, МахIмудие Муи ячине квал-квал гьабураб гIадин.

-Гьереси буго, гьеб мехалъ Нажмудин гьенив вукIинчIо… Нажмудинил армиялде гIадамал цIазе росаби сверулел дагIватчагIи рукIана киса-кирего, капурзабазда рекъарав МахIачги какулаго. Киназдаго лъалеб жо буго МахIмуд МахIачил рахъалда вукIаравлъи…

-Муиги гIолохъанчIужу хун йигоха?

-МагIирокъоб бицунеб букIана гьелъ 36 сон банилан…

-Квешаб унтийищ букIараб?

-Доб соналъ гIемерав чи хвана цIа-каналъул унтуца (брюшной тиф). Дагьил магIирокъоб унти чIварай гьей щуго къоялдасан хвана.

-МахIмудги вачIун ватилаха зигара базе?

-Унти бахунилан цоцахъе риччалел рукIинчIо, лъаларо.

-КIиявго вас гурони лъимер букIинчIищ Муил?

-ТIоцее гьаюрай яс хвана гьелъул гьитIинго, Къебедав хварав мехалъ цоги лъимерги хун буго…

Дица ПатIиматие кIудияб баркала кьуна, кIиго сордоялъги лъабго къоялъги гьелдасан лъазе кIвараб жоги къалмикье босана.

**СагIид ГIАЗИЗОВ,**
**Гъоркьа ЧIугIли росу.**

# Сообщи, где торгуют смертью

ОМВД России по Унцукульскому району сообщает, что в Дагестане с 14 по 25 марта на территории Унцукульского района проходит второй этап общероссийской антинаркотической акции «Сообщи, где торгуют смертью» с участием специалистов профильных министерств и ведомств РД.

Целью мероприятия является привлечение общественности к участию в противодействии незаконному обороту наркотиков, сбор и проверка оперативно значимой информации, оказание квалифицированной помощи и консультаций по вопросам лечения и реабилитации наркозависимых лиц.

Уважаемые жители Унцукульского района! Каждый из вас может оказать содействие сотрудникам полиции в выявлении и пресечении противоправных действий в сфере незаконного оборота наркотиков.

Для этого обращайтесь к нам по **телефону доверия 99-60-33**.

Если вы знаете о том, где торгуют наркотическими веществами, кто их употребляет, владеете любой другой информацией, если хотите избавиться от зависимости, пройти реабилитацию и лечение, можете смело обращаться по этому номеру.

ОМВД России по Унцукульскому району проводит огромную работу по борьбе с незаконным оборотом наркотиков.

**Давайте вместе дадим отпор этому чудовищному явлению и защитим наших детей и наше общество от наркозависимости!.**

# РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
# АДМИНИСТРАЦИЯ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ
# «УНЦУКУЛЬСКИЙ РАЙОН»

Индекс 368950 РД, Унцукульский район, пос. Шамилькала, ул. М. Дахадаева, 3 тел.55-64-85e-mail:mo_uncuk_raion@mail.ru

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

**От «_09_» ___марта___2022 г. № 32____**

## Об утверждении формы проверочного листа (список контрольных вопросов), применяемого при осуществлении муниципального земельного контроля

В соответствии со статьёй 53 Федерального закона от 31 июля 2020 г. № 248-ФЗ «О государственном контроле (надзоре) и муниципальном контроле в Российской Федерации», руководствуясь постановлением Правительства Российской Федерации от 27 октября 2021 г. № 1844 «Об утверждении требований к разработке, содержанию, общественному обсуждению проектов форм проверочных листов, утверждению, применению, актуализации форм проверочных листов, а также случаев обязательного применения проверочных листов» Администрация муниципального образования «Унцукульский район», **постановляет:**

1. Утвердить форму проверочного листа (список контрольных вопросов), применяемый при проведении плановых проверок по муниципаль-ному земельному контролю в отношении граждан, юридических лиц, индивидуальных предпринимателей, являющихся правообладателями земельных участков на территории муниципального образования «Унцукульский район» согласно приложению.

2. Настоящее постановление опубликовать в районной газете «Садовод» и разместить на официальном сайте администрации муниципального образования «Унцукульский район» в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет»

3.Контрольисполнениянастоящегопостановления возложить на заместителя Главы администрации муниципального образования «Унцукульский район» Абдулхаликова Карамагомеда Гаджиевича.

**Глава МО «Унцукульский район»**
**И. М. Нурмагомедов**

Приложение

Утвержден
постановлением администрации
МО «Унцукульский район»
от «_09__» __марта___2022 г. №__32__

______________________________________________________________
(наименование органа муниципального контроля)

**ПРОВЕРОЧНЫЙ ЛИСТ**
**(список контрольных вопросов),**
**применяемый при проведении плановых проверок по муниципальному земельному контролю в отношенииграждан, юридических лиц, индивидуальных предпринимателей, являющихся правообладателями земельных участков на территории муниципального образования «Унцукульский район»**

1. Фамилия, имя, отчество (при наличии) гражданина или индивидуального предпринимателя,его идентификационный номер налогоплательщика и (или)основной государственный регистрационный номер индивидуального предпринимателя, адрес регистрации гражданина или индивидуального предпринимателя, наименование юридического лица, его идентификационный номер налогоплательщика и (или) основной государственный регистрационный номер, адрес юридического лица (его филиалов, представительств, обособленных структурных подразделений), являющихся контролируемыми лицами
______________________________________________________________
______ ____________________________________________________

2. Место проведения плановой проверки с заполнением проверочного листа и (или) используемые гражданином, юридическим лицом, индивидуальным предпринимателем земельные участки_________________________________
______________________________________________________________

3. Реквизиты распоряжения о проведении плановой проверки юридического лица,индивидуального предпринимателя: ______________________________
________
(номер, дата распоряжения о проведенииплановой
проверки юридического лица,индивидуального
предпринимателя)

4. Учетный номер проверки и дата присвоения учетного номера проверки в едином реестре проверок _____________________________________________
(указывается учетный номер проверки и дата
его присвоенияв едином реестре проверок)

5. Форма проверочного листа утверждена Постановлением администрации муниципального образования «Унцукульский район» от _____________ № ______

6. Должность, фамилия и инициалы должностного лица администрации муниципального образования «Унцукульский район», проводящего плановую проверку и заполняющего проверочный лист ___________________________
_____________________________________________ _____________________
_______________________________________________

7. Перечень вопросов, отражающих содержание обязательных требований, ответы на которые однозначно свидетельствуют о соблюдении или несоблюдении проверяемым лицом, обязательных требований, составляющих предмет проверки:

| № | Вопросы, отражающие содержание обязательных требований | Реквизиты нормативных правовых актов, | Ответы на вопросы | | | Примечание |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | да | нет | Не применимо | |
| 1 | Имеет ли земельный участок характеристики, позволяющие определить его в качестве индивидуально определенной вещи (кадастровый номер, площадь, категорию, вид разрешенного использования и другие)? | часть 3 статьи 6 Земельного кодекса Российской Федерации | | | | |
| 2 | Используется ли земельный участок в соответствии с установленным целевым назначением и (или) видом разрешенного использования? | часть 2 статьи 7, статья 42 Земельного кодекса РФ | | | | |
| 3 | Имеются ли у проверяемого лица правоустанавливающие документы, предусмотренные законодательством Российской Федерации, на используемый земельный участок (используемые земельные участки, части земельных участков)? | часть 1 статьи 25 Земельного кодекса Российской Федерации | | | | |
| 4 | Имеются ли у проверяемого лица право удостоверяющие документы на используемый земельный участок (используемые земельные участки, часть земельного участка)? | часть 1 статьи 26 Земельного кодекса РФ, статья 8.1 Гражданского кодекса РФ | | | | |
| 5 | Оформлено ли право на земельный участок при переходе права собственности на здание, сооружение, находящиеся на земельном участке? | статья 35 Земельного кодекса РФ | | | | |

# ПРОВЕРОЧНЫЙ ЛИСТ

| № | Вопросы, отражающие содержание обязательных требований | Реквизиты нормативных правовых актов, | Ответы на вопросы | | | Примечание |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 6 | Содержит ли соглашение об установлении сервитута обязанность лица, в интересах которого установлен сервитут, после прекращения действия сервитута привести земельный участок в состояние, пригодное для его использования в соответствии с разрешенным использованием? | пункт 9 части 1 статьи 39.25 Земельного кодекса Российской Федерации | | | | |
| 7 | Имеется ли разрешение на использование земель или земельных участков без предоставления земельных участков и установления сервитута, публичного сервитута? | статья 39.33 Земельного кодекса Российской Федерации | | | | |
| 8 | В случаях, если земельный участок используется на основании разрешения и привело к порче либо уничтожению плодородного слоя почвы в границах земельных участков, приведены земельные участки в состояние, пригодное для использования в соответствии с разрешенным использованием? | часть 5 статьи 13, статья 39.35 Земельного Кодекса Российской Федерации | | | | |
| 9 | Соответствует ли площадь, конфигурация земельного участка площади земельного участка, указанной в правоустанавливающих документах и сведениям, содержащихся в Едином государственном реестре недвижимости? | часть 3 статьи 6 Земельного кодекса Российской Федерации | | | | |
| 10 | Выполняет ли проверяемое лицо обязанности по использованию земельного участка? | статья 42 Земельного Кодекса Российской Федерации | | | | |
| 11 | Выполнена ли проверяемым лицом (за исключением органа государственной власти, органа местного самоуправления, государственного и муниципального учреждения (бюджетного, казенного, автономного), казенного предприятия) обязанность переоформить право постоянного (бессрочного) пользования земельным участком? | часть 2 статьи 3 Федерального закона от 25.10.2001 № 137-ФЗ «О введении в действие Земельного кодекса Российской Федерации» | | | | |
| 12 | В целях охраны земель проводятся ли мероприятия по: воспроизводству плодородия земель сельскохозяйственного назначения; защите земель от водной и ветровой эрозии; защите сельскохозяйственных угодий от зарастания деревьями и кустарниками, сорными растениями | часть 2 статьи 13 Земельного кодекса Российской Федерации | | | | |
| 13 | Выполнено ли ранее выданное предписание (постановление, представление, решение) об устранении нарушений законодательства? | статья 19.5 Кодекс Российской Федерации об административных правонарушениях | | | | |

____________________________ (должность лица, заполнившего проверочный лист)   ___________ (подпись)   ___________________________ (фамилия, имя, отчество (при наличии) лица заполнившего проверочный лист)

«__» ______________ 20__ г.
(указывается дата заполнения проверочного листа)

Нижехъе хъвалеб буго

# Баркала киналъухъго

ГIумроялъул нухда нилъеда щивасда дандчIвала цIикIкIараб къадаралда врачал. Гьел гIемерисез лъикIго сах гьарула, гьезул махщалиде лъилго щаклъи гьечIо. Амма ниж гIажаиблъизаруна Унсоколо централияб больницаялда, ай доб «БагIараб зонаялда», кIиго соналъ нилъер медиказ бищун вахIшияб вирусалъул гIажалаб унтудаса гIадамал хвасар гьарулеб бакIалда, нижеда дандчIвана гIицIго компетентниял врачал гурелги, тIоцебесеб иргаялда унго-унгоял гIадамалги. Гьел рукIана гвангъарал, хIасратго хинал ракIазул, гурхIел-рахIму цIикIкIарал гIадамал.

Нижеда гIемер рагIун рукIана Россиялъул гIемерисел шагьаразда ковидалъ унтарал гIадамаздехун гIаданлъи гьечIеб хъачIлъи биччалеб бугин. ЗахIматго унтун, жидерго хIинкъи-къаялъул ахIвал-хIалгун регарал гьезул щивасухъе чIечIого рачIине регIун рукIунаро врачал. Гьедин батила; битIахъе бицани, унтаралгун дандчIвазе, гьелгун хутIизе бокьулареб батилин гьезие,-ян ракIалде кколеб букIана нижеда. Амма…

Больницаялда регарал тIоцересел минутаздаса нахъего нижеда сверухъ букIана цIикIкIараб тIалабагъаз, хинаб ахIвал-хIал, санагIалъаби, щивав отделениялъул хIалтIухъабазул рахъалдасан кIвар бугеб балагьи. Больницаялъул инфекционнияб отделениялда хIакъикъаталдаги хIалтIулел руго цIакъ чIухIи, нахъекъай гьечIел санитаркаби, гIицIго унтаразул бугеб хIалалъул цIехей гуребги, хисанщинахъе гьез унтаразул бугеб хIалалъул ракI-ракIалъ к1вар кьолаан, гьезие хехаб сахлъи гьарула ан, унго-унголъунги бугеб хIал захIмалъулаан.

Отделениялда хIалтIулел руго хIакъикъаталдаги махщел камилал ва гурхIел цIикIкIарал врачалгун медсестраби. Жидерго тIадал ишазде гьоркьоре унарелцин ишал тIуразарулаан гьез. Кидаго лъикIаб рагIудалъун гIодоре риччазарулаан гьез ниж.

Нижер щивас Аллагьасдасан ячIарай врачлъун рикIкIана ЦРБялъул бетIерай врач ГI. МухIамадова. КигIан захIматаб хIал сверухъ бугониги щибаб къойил щолаан гьей нижехъе. ЗахIматго ругел унтаразухъе гьел рачIунаан къасеги, гIодоркъоязги. Унго-унголъунги рахIат холаан гьелъул унтаразухъ балагьун. Сабруялда щивасухъ гIенеккулаан, гIодоре риччазарулаан гьел...

ХIакъикъаталдаги гьеб батила тохтурлъиялъул тIадегIанаб рахъ, щайгурелъул сах гьари байбихьулелъул хинал рагIабаздасан. Божа нуж, гьеб кутакалда хIажат буго ва къиматаб рахъ ккола врачасул.

ХIурматиял ЦРБялъул инфекционнияб отделениялъул хIалтIухъаби! ХIурматияй ГIайшат МухIамадовна, Асият МухIамадовна! Къабул гьабе нижер рахъалдасан ракI-ракIалъулаб баркала, гьебги щибай санитаркаялъухъ, медсестраялъухъ, врачасухъ. Нужер гIаданлъиялъухъ, хинлъиялъухъ, лъикIлъиялъухъ, ниж бецIизе бажарулареб налъукь руго! Нужехъе Аллагьас баркатгун тIад руссинареги чанго нухалъ нужер гIаданлъиялъул ишал ва хинал рагIаби. ТалихI, сахлъи, сабру, битIккей кьеги нужер хъизаназе. Бищунго цебе нужее гьарула бетIералда тIад роцIараб зоб, ракълилаб гIумро.

**№3 палатаялъул унтарал; А. МухIамадова, З. МухIамадова, ГI. АхIмадова, С. Юсупова, Н. ПатахIова, У. МухIамадова.**

**Абула кинабго нилъер гIумроялъулъ кколебщиналъул цо лъикIлъи бугин. ХIакъикъаталдаги гьедин буго гьеб. Гьениб щивасе щвана унго-унгоял гьудулзаби, гьанже ниж ккола ро цо палатаялъур регарал пациентал. Ккола цоцазул хIал бичIчIарал ва хIалае ратарал гьудулзаби. Хадубккунги, Иншааллагь, хутIила гьедин.**

**Асият МУХIАМАДОВА.**
**Районалъул ЕИСалъул х1алт1ухъан.**


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 3. 16. 2022 г. 16.50 фактически -17. 20 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 988 экз.